



eske m met poze w yon kesyon

Eske yon
moun janm
pran yon Bib
Pou montre
w ki jan ou kab
konnen Sètènman ke
ou pral nan Syèl?



Bib la genyen ladan l
ni **Movèz Nouvèl** ni
Bòn Nouvèl.

The *Movèz Nouvèl*
la se yon bagay ki
konsène **OU** menm.

The *Bòn Nouvèl* is
la se yon bagay ki
konsène **BONDYE.**

An nou gade *Movèz Nouvèl*
la anvan...

Movèz Nouvèl 1

Nou tout se pechè.

Women 3:23 di: *"Tout moun fè peche, yo tout manke laglwa Bondye a."*

"Fè peche" vle di nou rate mak la. Li vle di nou bay manti, nou rayi moun, nou anvi bagay moun, nou fè tripotay, nou pa rive nan limit Bondye trase a.





An nou imajine ke ou menm ak mwen nou tou de ta bezwen kanpe kote nou ye la a, epi pou nou chak voye yon wòch al tonbe nan dènye bout latè. Petèt wòch pa w la ta kapab rive pi lwen pase pa m nan. Men okenn nan nou de a pa fouti fè wòch la rive nan dènye bout latè.

Lè Bib la di: “Tout moun fè peche, yo tout manke laglwa Bondye a”, li vle di nou tout rate nivo pèfeksyon Bondye te fikse a.

Nou pa bon ase ni nan panse nou fè, ni nan pawòl ki soti nan bouch nou, ni nan Zak nou yo.

Malgre sa, Movèz Nouvè1 la ap vin pi rès toujou...

Movèz Nouvèl 2

Pinisyon nou merite pou peche se lanmò.

Women 6:23 di: *"Peche peye nou kach, li ba nou lanmò."*

An nou sipoze ou ta fè yon jounen travay pou mwen epi m peye w 50 dola. 50 dola sa a se t ap sale w. Se sa ou t ap touche pou travay ou fè a.



Bib la di lè nou fè
peche se tankou yon
travay nou fè epi
sale pou travay sa a
se lanmò. Sa vle di
nou merite mouri e
separe de Bondye
pou tout tan.



Men...
Pwiske pa t gen mwayen pou
nou te rive kote Bondye, Bib
la di ke Bondye li menm te
vini kote nou.

Bòn Nouvèl 1

Kris la te mouri pou ou.

Women 5:8 di nou: *“Bondye montre jan li renmen nou anpil, paske nou t ap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou.”*

Ann sipoze ou kouche sou kabann lopital prèt pou mouri ak maladi kansè. Mwen vin kote w epi m di w: “Ann wete jèm maladi kansè a nan kò pa w pou n mete l nan kò pa m.”

Si sa te posib pou fèt vre,

Kisa k t ap rive m?

Kisa k t ap rive w?

***Mwen t ap
mouri, ou
menm ou t ap
viv.***

***Mwen t ap
mouri nan plas
ou.***



Bib la di Kris la te pran pinisyon nou te merite pou peche nou yo, li mete l sou tèt pa li, epi li mouri nan plas nou. Twa jou apre Kris la te fin mouri li retounen vivan ankò pou l te ka pwouve ke peche ak lanmò te pèdi batay e ke lè l te di se Bondye li ye a se pa manti l t ap fè.

Menm jan movèz nouvèl la te vin pi mal la, menm jan an tou, bòn nouvèl la ap vin pi bon!

Bòn Nouvèl 2

Ou Kapab sove lè ou kwè nan Kris la.

Efezyen 2:8,9 di: *“Se pa lagras (yon favè moun pa merite) nou te sove (delivre anba pinisyon peche) akoz lafwa nou. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye fè nou. Se pa akoz bon zèv nou te fè. Konsa, pèsonn pa fè lwanj pou tèt li.”*

Lafwa vle di konfyans.

Kesyon: Pou kisa pou w met konfyans ou nan Kris?

Repons: Ou dwe Konte sou li sèlman pou padone peche w e ba w lavi etènèl.

Menm jan ou fè yon chèz konfyans pou chita sou li san ou pa bezwen fè efò pou pa tonbe, Konsa tou ou dwe mete konfyans nan Jezukri pou l Mennen w nan syèl la san w pa fè okenn efò pèsònèl.



Men kounye a ou ka di:
“Men, m trè relijye.”

“M al legliz regilyèman.”

“M se yon bon moun.”

“M pataje sa m genyen ak pòv yo.”

“I don’t do anything that’s really bad.”

Tou sa yo se bon bagay se vre, men bon zèv, ale legliz, ede pòv, ou kelkeswa lòt bon bagay ou ka fè, yo youn pa ka fè w al nan syèl. Ou fèt pou met konfyans ou nan Jezukri sèlman, epi Bondye ap ba w lavi etènèl kòm yon kado.

Eske gen yon bagay K ap anpeche w mete konfyans ou nan Kris la kounye a menm? Kisa l ta ye?

1. _____
2. _____
3. _____
4. _____

Reflechi byen. Pa gen anyen ki pi **enpòtan pase nesesite pou ou mete konfyans ou nan Kris la.**

Eske w pa ta vle di Bondye ke ou **ap mete konfyans ou nan Jezukri kòm sovè w?** Si ou ta vle fè sa, met ajenou kounye a menm, priye Bondye pou w di l ke ou ap mete konfyans ou nan pitit li a.

Sonje!

Se pa priyè a k ap sove w. Se konfyans ou nan Jezukri k ap sove w. Priyè a se sèlman yon mwayen pou w di Bondye sa ou ap fè a.

“Bondye, mwen konnen m se yon pechè. M konnen m merite pinisyon pou peche m yo. Mwen kwè Kris la te mouri pou mwen e l te leve soti nan tonbo a. Mwen met Konfyans mwen nan Jezukri Sèlman kòm sovè mwen. Mèsi pou padon w ak lavi etènèl mwen genyen kounye a. Se nan non Jezi mwen priye, Amèn.”



Ki sa k fèk pase la a?

Men sa Jan 5:24 fè konprann: *“Moun ki tande Pawòl mwen e ki mete konfyans nan moun ki voye m nan, li gen lavi ki pa p janm fini an, e li pa p janm jije ankò, men li soti anba lanmò li vin nan lavi.”*

- » Eske w te tande Pawòl Bondye a?
- » Eske w te kwè sa Bondye di e mete konfyans ou nan Kris la Kòm Sovè w?
- » Eske “gen lavi ki pa p janm fini an” vle di pita oubyen kounye a menm?
- » Eske l di: “li pa p janm jije ankò” oubyen “petèt li pa p al nan jijman?”
- » Eske l di: “li soti anba lanmò” oubyen “li va soti?”

Lavi etènèl se yon bagay reyèl se pa yon bagay moun imajine.


Aprann Jan 5:24 pakè jodi a.

Ki sa pou w fè kounye a?

Lè w fin mete konfyans ou nan Kris la Kòm sèl Chemen ki mennen nan syèl, men kijan ou kapab grandi nan relasyon w ak li.

- » Di Bondye sa k nan panes w lè ou ap priye (Filipyen 4:6,7).
- » Li Bib la chak jou pou ou ka aprann plis de Kris la epi pou L ka ansenye w tou (2 Timote 3:16,17). Kòmanse avèk liv Filipyen an.
- » Mache nan yon legliz lokal pou w adore Bondye ansanm ak lòt moun ki kwè tou (Ebre 10:24,25).
- » Pale lòt moun de Jezukri (Matye 4:19).

Si ti liv sa a te ede w, pataje sa k ladan l lan ak yon lòt moun, silvouplè. Si w gen plis Keksyon sou sa k ekri nan ti liv sa a, kontakte noun an adrès sa a:



The Gospel. Clear and Simple.

p.o. box 741417 | dallas, tx 75374

www.evantell.org | 800.947.7359

© 2007 evantell, inc.

Haitian Creole
TRMHT001